



Joel I. Klein  
Chancellor

## OFFICE OF ADULT AND CONTINUING EDUCATION

ALTERNATIVE SCHOOLS & PROGRAMS  
475 NOSTRAND AVENUE – BROOKLYN, NY 11216  
Phone: (718) 638-2635  
Fax: (718) 623-2080

Dr. Jann Coles  
Deputy Superintendent

Lianne Friedman  
Chief Operating Officer

### Kesyon Moun Poze Souvan:

**1. Kiyès ki kalifye pou pran kou ak pou resevwa sèvis nan Biwo Edikasyon pou granmoun kontinye fòmètèt yo *Office of Adult and Continuing Education* (OACE) ?**

Nenpòt moun ki gen plis pase 21 lane ki abite nan vil Nouyòk ka enskri pou kou yo. Pa gen lòt kondisyon.

**2. Èske gen yon frè pou peye pou klas OACE yo?**

Pa gen okenn frè pou klas angle kòm dezyèm lang *English as a Second Language* (ESL), Diplòm jeneral ekivalan *General Education Development* (GED), ak Edikasyon debaz pou granmoun *Adult Basic Education* (ABE). Sepandan kèk kou teknik ak pwofesyonèl egzije pou elèv yo achte liv ak materyèl.

**3. . Si yon elèv ap travay, l ap resevwa èd finansye oswa si li pa gen papye imigrasyon , èske sa ap anpeche l resevwa sèvis gratis nan OACE?**

Non

**4. Si mwen gen diplòm lekòl segondè oswa yon diplòm kolèj mwen pran nan yon lòt peyi, èske mwen ka swiv kou nan OACE?**

Wi.

**5. Ki kote ak ki lè yo fè kou yo?**

Yo fè kou yo nan tout senk minisipalite yo. Gen klas maten, apre midi, aswè, ak samdi pou satisfè pwoblèm orè tout elèv

**6. Ki kou yo ofri atravè OACE?**

- ESL : Nivo debitan jiska nivo avanse
- Edikasyon debaz *Basic Education* (BE) Alfabetizasyon debaz avèk preparasyon pou egzamen GED
- Fòmasyon pwofesyonèl ak teknik *Career and Technical Education* (CTE) Nosyon debaz nan konpitè , karyè nan domèn medikal, teknoloji, mekanik oto, chapant, fòmasyon nan plonbri ak elektrisite. Sa yo se pwogram ki fèt pandan tout ane a.

**7. Si yon Direktè, yon koòdonatè paran oswa yon paran ta renmen nou ofri yon klas OACE nan lokal lekòl pa yo ki fèt pou klas Jadendanfan jiska klas 12yèm ane, kiyès nou ta dwe kontakte?**

Gen nan chak rejyon yon Direktè pou Edikasyon granmoun. Tanpri gade bwochi OACE a, ale sou sit wèb nou a, oswa gade nan paj 3 bwochi a ki gen fason pou kontakte lekòl yo.

**8. Ki pwosesis pou elèv yo swiv pou enskri nan kou OACE yo?**

Chak minisipalite gen yon sant aprantisaj kote elèv yo ka enskri pou kou yo. Gen enskripsyon tou nan lokal ki pa gen pwogram lan. Chak elèv gen pou fè yon entèvyou nan kòmansman pwosesis fòmalye enskripsyon an kote y ap ba yo yon deskripsyon sou sa y ap ofri nan pwogram lan, dapre entèvyou a .

Chak elèv ap pase yon evalyasyon avèk moun k ap jere dosye a. Lè elèv la fin konplete evalyasyon an, y ap mete l nan yon klas dapre rezilta l yo.

### **9. Èske yo fè entèvyou pou pwosesis enskripsyon yo nan yon dat ak yon lè patikile?**

Wi. Enfòmasyon sa a disponib nan lokal kote elèv la chwazi ale pou pwosesis entèvyou a. Tanpri mande elèv pou rele alavans pou jwenn enfòmasyon sou randevou kòm yo ka chanje dat la. Tanpri gade bwochi OACE a, ale sou sit wèb nou an, oswa gade nan paj 3 bwochi a pou adrès ak nimewo telefòn lokal yo.

### **10. Èske elèv yo bezwen yon nimewo Sekirite sosyal oswa dokiman pou idantifye yo?**

Elèv k ap enskri nan kou ESL, ABE, ak GED pa bezwen bay nimewo sekirite sosyal yo. Yo ka mande elèv k ap enskri nan kou CTE ki pou pèmèt yo pran yon sètifika, bay yon nimewo sekirite sosyal oswa lòt dokiman pou idantifye yo pou yo ka jwenn djòb.

### **11. Èske elèv k ap aplike pou kou yo bezwen dokiman pou idantifye yo?**

Elèv yo pa bezwen dokiman pou idantifye yo pou kou ESL, ABE, ak GED. Sepandan, elèv ki nan kou CTE pou pran yon sètifika ka bezwen dokiman pou idantifye yo.

### **12. Ki diferans ki genyen ant kou BE ak GED?**

Kou BE konsidere anseye nivo konesans debaz nan Lekti ak Matematik pou prepare elèv yo pou kou GED. Kou GED prepare elèv yo pou egzamen GED.

### **13. Kisa yon kou ESL ye?**

Kou ESL ede elèv yo ogmante konesans yo nan lang angle ak kapasite yo nan lekti.

### **14. Si yon elèv ap travay *Manhattan* epi li abite *Bronx*, èske yo ka rekòmande l nan yon lokal ki nan yonn oswa lòt *borough* sa yo?**

Wi. Yo ka rekòmande elèv yo nan nenpòt kou ki nan senk minisipalite yo.

### **15. Kisa yon sant dakèy ye?**

Yon sant dakèy se yon sant yo rele *drop-in center* ki fèt pou satisfè bezwen fanmiy ki fèk rive nan peyi a, elèv adilt ak manm nan kominote a. Sant lan bay elèv yo kontak pou kou ak resous OACE pou ede yo ak lojman, pwoblèm legal, djòb ak lòt bezwen. Sant dakèy ak resous li yo ede fanmi yo fè fas ak difikilte yo genyen pou entegre yo nan yon nouvo kilti e pou aprann yon nouvo lang.

OACE gen de sant dakèy *The Family Welcome Center* ki nan *PS 9* nan *Bronx* ak *The Family Welcome Center at Mid-Manhattan Adult Learning Center* ki nan *central Harlem*.

## Enfòmasyon sou fason pou kontakte OACE

<b>Lekòl</b>	<b>Borough</b>	<b>Adrès ak Nimewo Telefòn</b>	<b>Lokal kote Kou yo ap Fèt</b>
1 & 2	The Bronx	<b>Bronx Adult Learning Center (BxALC)</b> 3450 East Tremont Ave., Room 323 Bronx, NY 10465 718-863-4057	West Bronx, Fordham, Norwood, Wakefield, Morrisania, Washington Heights, Mott Haven, Hunts Point, West Farms, Parkchester
4	Manhattan	<b>Alternative Education Complex</b> 500 8th Avenue, (35th street) 7th floor N.Y., NY 10018 212-868-1650	Manhattan, below 119th St. and Staten Island
5	Manhattan	<b>Mid-Manhattan Adult Learning Center (MMALC)</b> 212 West 120th Street N.Y., NY 10027 212-666-1919 or 212-666-1920	Manhattan, 119th Street and above
7	Brooklyn	475 Nostrand Ave., Rm. <b>112</b> Brooklyn, NY 11216 718-398-7668	Williamsburg, Bushwick, Flatbush, Greenpoint, Crown Heights, Prospect Heights, SunSet Park, Park Slope and Downtown Brooklyn.
8	Brooklyn	<b>Brooklyn Adult Learning Center (BALC)</b> 475 Nostrand Avenue Brooklyn, NY 11216 718-638-2635	Bedford-Stuyvesant
9	Brooklyn	475 Nostrand Ave., Rm. <b>108</b> Brooklyn, NY 11216 718-622-3000	East New York, East Flatbush, Canarsie, Ridgewood-Bushwick, Midwood, Ocean Hill-Brownsville, Coney Island, Borough Park and Bensonhurst
10	Queens	<b>Queens Adult Learning Center (QALC)</b> 42-15 Crescent Street, 7th floor Long Island City, NY 11101 718-361-9480	Long Island City, Sunnyside, Astoria, Elmhurst, Jackson Heights, and Flushing.
11	Queens	90-27 Sutphin Blvd. Jamaica, NY 11435 718-557-2567	Jamaica, South Jamaica, Hollis, Rochdale Village, Richmond Hill, St. Albans, Laurelton, Rockaway, Far Rockaway, Briarwood, Kew Gardens, Ridgewood, Glendale, Ozone Park, South Ozone Park, Bellerose, Queens Village, and Rosedale.